



Lè Yo Deklare Ou Koupab Yon Enfraksyon Pa “Defo”

Kisa Sa Vle Di Lè Ou An “Defo/Komèt Enfraksyon Pa Defo?”

Devan chak sitasyon gen yon *dat odyans*. Lè yon Moun ki An Kòz, oswa prepezantan Moun ki An Kòz la, pa vini nan odyans lan, oswa lè li deklare tèt li koupab epi peye/rive a yon antant/tonbe dakò davans, alòs y ap deklare Moun ki An Kòz la Komèt Enfraksyon pa Defo.

Kisa Penalite A Ye pou Defo?

Penalite apre yon Jijman Defo depann de ki akizasyon enfraksyon ki genyen nan sitasyon an. Men, yon penalite pou defo souvan **2-3 fwa pi wo** pase penalite nòmral la.

Kisa Mwen Ka Fè Si Mwen Resevwa Yon Jijman Ki Di Mwen An Defo?

Ou ka swa 1) Peye penalite defo a ak tout penalite, frè, oswa enterè anplis yo enpoze ou; **swa** 2) Ou ka mande pou yo re-ouvè odyans ou te rate a, sa depann de sitasyon an.

Kijan Mwen Ka Mande Pou Yo Re-Ouvè Yon Odyans Mwen Te Rate?

Ou ka depoze yon fòmilè demann “Request for a New Hearing After A Failure to Appear” (Demann pou yon Lòt Odyans Lè yon Moun ki An Kòz Pa T Vini) [sou entènèt](#) sou sit OATH la, pa [lapòs nòmral](#), oswa [an pèsonn](#) nan nenpòt lokal OATH.

Si Mwen Mande Pou Re-Ouvè yon Odyans Mwen Te Rate, Èske OATH Ap Aksepte Demann Mwen An?

Sa depann de depi konbyen tan sitasyon an nan estati defo ak de rezon ki te fè ou te rate odyans lan.

[Règ pwosedi OATH yo](#) pèmèt pou odyans kote moun ki an kòz la te an defo re-ouvè konsa:

- 1) Pou yon **1^{ye}** Demann pou Re-Ouvè yon Odyans apre Defo, ki fèt **anvan yon delè 75 jou** apati de dat Jijman Defo a, y ap *otomatikman* aksepte demann nan.
- 2) Pou yon **1^{ye}** Demann pou Re-Ouvè yon Odyans apre Defo, ki fèt **plis pase 75 jou apre** dat Jijman Defo a, men anvan yon (1) lane fin pase, demann nan dwe ofri yon "eskiz rezonab" kòm rezon ki fè ou te rate odyans lan. OATH ap deside si wi ou non eskiz la rezonab, baze sou faktè ki detaye yo nan règ pwosedi yo.
- 3) Pou yon **1^{ye}** Demann pou Re-Ouvè yon Odyans apre Defo, ki fèt **plis pase yon (1) lane apre** dat Jijman Defo a, oswa pou yon **2^{yèm}** demann (lè yo te fin anile ak ranvwaye yon 1^{ye} defo deja), ou dwe bay prèv se “sikonstans eksepsyonèl” ki te fè ou te rate odyans lan epi montre kijan yon refi demann ou an t ap lakòz yon enjistis.

Si Mwen Mande Pou Re-Ouvè yon Odyans Mwen Te Rate, Kilè M Ap Konn Rezilta A?

Yon desizyon re-ouvè yon odyans ou te rate ka pran jiska sis (6) semèn. Y ap voye desizyon an bay demandè a pa lapòs nòmal. OATH gen dwa mande plis enfòmasyon tou pou detèmine si demandè a nan pozisyon pou li fè demann nan.

E Si OATH Aksepte Ban Mwen Yon Lòt Odyans?

Si OATH aksepte demann ou an, y ap pwograme yon nouvo dat odyans. Y ap voye nouvo dat odyans lan, ak enstriksyon sou kijan pou w patisipe nan odyans lan, pa lapòs nòmal.

Èske Mwen Ka Depoze Demann Mwen An Nan Yon Lang Ki Pa Anglè?

Wi. Ou ka depoze fòmilè demann lan nan lang ou santi ou pi alèz ladan l lan. Fòmilè sou entènèt OATH la ka tradui nan anpil lang.

Èske Mwen Ka Mete Prèv Ansanm Avèk Demann Mwen An?

Wi, ou ka fè sa. Ou te mè ekri yon eksplikasyon detaye tou sou rezon ki fè ou te rate odyans lan sou yon fèy papye separe epi tache li avèk demann ou an, ansanm avèk tout dokiman dapui yo.

E Si Yo Refize Demann Mwen An?

Refi re-ouvè yon odyans moun ki an kòz la te rate se detèminasyon final ajans lan epi ou pa ka fè apèl li nan OATH. Si yo refize yon demann, alòs penalite pou defo yo te bay yo ap rete la jiskaske yo peye/satisfè. Si ou pa dakò ak desizyon OATH la sou yon demann pou re-ouvè yon odyans ou te rate, ou te mè chèche yon egzamen jiridik nan kad Atik 78 la nan Lwa ak Règ sou Pratik Sivil New York yo (New York Civil Practice Law and Rules) nan Lakou Siprèm Eta New York la (New York State Supreme Court).

Bronx 260 E.161st Street, 6th FL Bronx, NY 10451	Brooklyn 9 Bond Street, 7th FL Brooklyn, NY 11201	Manhattan 66 John Street, 10th FL New York, NY 10038	Queens 31-00 47th Avenue, 3rd FL Long Island City, NY 11101	Staten Island 350 St. Marks Place, Main FL Staten Island, NY 10301
---	--	---	--	---